



Roger León
Superintendent

Newark Board of Education

Where Passion Meets Progress

5 Septanm 2023

Chè Paran/Responsab Legal,

Se Kongrè Ameriken an ki te adopte Lwa sou Revisit Tout Elèv (Every Student Succeds Act, ESSA) la epi li te antre anvigè nan dat 10 Desanm 2015 lan. ESSA ranplase Lwa Okenn Timoun Pa Gendwa Ret Dèyè (No Child Left Behind, NCLB) a epi li se dènye re-otorizasyon Lwa sou Edikasyon Elementè ak Segondè (Elementary and Secondary Act, ESEA) a.

Malgre NCLB a te vize pote chanjman nan ansèyman ak aprantisaj pou yo kapab ogmante reyisit akademik elèv yo, ESSA te elimine dispozisyon Pwofesè ki Wotman Kalfiye (Highly Qualified Teacher, HQT) lwa NCLB a te prevwa yo. Malgre sa te rive fêt, tout edikatè nan New Jersey yo toujou gen obligasyon pou yo gen yon sètifikasi/diplòm eta a ki apwopriye a pou pòs yo okipe a.

Konfòmeman ak ESSA, tout lekòl k ap resevwa fon Tit I yo dwe enfòme paran yo sou dwa yo genyen pou yo poze kesyon sou kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè ak parapwofesyonèl pitit yo a. Lekòl nou an resevwa finansman Tit I an epi direktè nou yo ap kontan pataje enfòmasyon sa yo avèk ou lè w mande sa a.

New Jersey gen kèk nan pwofesè ki pi byen kalifye nan peyi a, epi nou vrèman fyè de kalite pèsònèl ansèyman yo nan Lekòl Piblik Newark yo. Tout pwofesè nou yo gen diplòm inivèsite epi anpil ladan yo gen diplòm avanse. Epitou, tout pwofesè yo kontinye aprann atravè aktivite pou devlopman pwofesyonèl yo epi pwofesè nou yo dwe pase evalyasyon chak ane pou nou kapab asire konpetans ansèyman yo rete nan pi wo nivo ki posib la.

Mwen ankouraje w kontinye sipòte edikasyon pitit ou a epi kominike avèk pwofesè pitit ou a (yo) regilyèman. Pou jwenn plis enfòmasyon sou ESSA ak sou wòl paran yo, tanpri pa ezite kontakte lekòl pitit ou a. W ap kapab jwenn plis enfòmasyon konplè sou sitwèb Depatman Edikasyon Etazini (United States Department of Education, USDE) an nan adrès <http://www.ed.gov/essa>.

Nou ankouraje paran yo telechaje yon kopi Plan Estratejik Distri nou an, *10 Pwochen Lane K Ap Vini yo 2020 - 2030 (The Next Decade 2020 – 2030)* <https://www.nps.k12.nj.us/mdocs-posts/nboe-strategic-plan-the-next-decade/>. Kòm toujou, nou ankouraje paran yo travay avèk lekòl yo pou kolabore ak ankouraje wòl enpòtan paran yo jwe nan reyisit ekosistèm nou an.

Pandan n ap kolabore avèk edikatè nou yo, n ap founi pitit ou a meyè kalite edikasyon ki posib la.

Sensèman,


Roger León
Sipèrentandan